

Сыт хуэдэ щытыкIэми хуэхьэзырщ

2-нэ нап.



Илъэсищэ зи ныбжь Джэрмэншык

3-нэ нап.



Iэсият и Iэрыкl гъуэзэджэхэр

4-нэ нап.

ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщIэсуи Iэ тевдзэ хъунущ. Абы папщIэ фи телефонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикIуэн хуейуэ аращ.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№135 (25.041) ● 2026 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 10, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапiэм къызэритамкIэ

Республикэр Батыр Алим ирогушхуэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Iэ щIидзащ 42-нэ мотострелковэ дивизэм и 71-нэ гвардейскэ полкым и 2-нэ батальоным хыхьэ дзэ гупым и сержант Батыр Алим Анатолэ и къуэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр етыным теухуа унафэм. Дзэ Iуэху хэхам хэту и къалэныр нэгъэсауэ зэригъэзэщIам, къигъэлъэгъуа хахуагъым, лIыгъэм папщIэ хуагъэфэщащ а тыгъэр зауэлIым.



«БГЫРЫС» зауэлIыцIэмкIэ къацIыхуа Батыр Алим Къэбэрдей-Балъкъэрым, и адэанэр щыпсэу Дзэлыкъуэ районым къэкIуэжауэ щыIэщ.

КIуэкIуэ Казбек Батырхэ я унагъуэм кIуэри, лIыхъужьым къэралым къыбгъэдэкI тыгъэ лъапIэр иритащ, и адэ-анэм апхуэдэкъуэ зэрагъэсам папщIэ фIыщIэ яхуищIащ.

Алим зэрихьа лIыгъэм и хъыбарыр хэIущIыIу хъуащ абы «Урысейр нобэ» каналым и корреспондент Андрицэ Влад интервью Iиха нэужь. Урысейм щыпсэухэр минипщI бжыгъэкIэ къыпэджэжащ Алим и лIыгъэм теухуа хъыбарым, ар и ныбжьэгъухэм, унагъуэм, Хэкум и пащхьэм щихь къалэным зэрахущытым итхьэкъуауэ.

Запорожскэ областым хыхьэ, иджыпсту хуит къащIыжа Новоданиловкэм дыгъэгъазэм япэу дыхьахэм язт Батыр Алим. Абы уIэгъэ щыхъури, и гъусахэм къакIэрыхуати, и ныбжьэгъухэр бийм яIэримыгъэхьэн папщIэ, дэIэпыкъуэгъухэр зыбгъэдигъэхьэн идакъым щIалэм. РацэкIэ дохутырхэм ечэнджэщурэ, и уIэгъэхэм езыр зэреIэзэжам нэмыщI, абы и унафэщIхэм жаIэр игъэзащIэрт. МазипщIым къриубыдэу, щIалэр зауэ губгъуэм и закъуэ итащ, бийм зэребгъэрыкIуэ езырылъатэхэр здэунэтIыпхъэхэр къажриIэу. И ныбжьэгъухэм зэрыхъукIэ ерыскъы, медицинэ хуэIухуэщIэхэр, Iэщэ хурагъашэрт. И унагъуэмрэ и сабийхэмрэ къызэрыпэплъэр ищIэрти, Алим зэрызихъумэжыну къару къылъыкъуэкIащ. Урысыдзэр Новоданиловкэм пэгъунэгъу хъуа нэужь, и лъакъуэр зэрыпымытыжым хуэдэу, Батырым километри 5 къызэпичащ, и гъусэхэм ялъэIэсыжын папщIэ.

«Алим пщIэшхуэ хузощI и хуахуагъым, напэм, гъащIэм хузэкъуиха къарум, зэримыкIуэтам папщIэ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - Урысейр лъэпкъ куэду зэрызэхэтым щхьэкIэ, нэхъ игъэкIуэтыгъуафIэу къызыщхъухэм яхуэгъэза жэуап наIуэщ ар. Апхуэдэ зауэлIхэр щыдиIэкIэ, ТекIуэныгъэр зэрыгъунэгъум шэч къытес хьэркъым».

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр Батыр А. А. етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Дзэ Iуэху хэхам хэту къигъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ, и къалэныр щIыхь пылъу зэрырихьэкIам папщIэ 42-нэ мотострелковэ гвардейскэ дивизэм и 71-нэ гвардейскэ мотострелковэ полкым и 2-нэ батальоным и ебгъэрыкIуэ гупым и сержант **Батыр Алим Анатолэ и къуэм** «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр етын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ,
2026 гъэм щэк1уэгъуэм и 6-м
№115-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЗыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм икIи физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыным хуащIа хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын

Урыш Анзор СуIэдин и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм СпортымкIэ и министерствэм «БэнэкIэ хуитымкIэ Олимп джэгухэм хэтыфынухэр гъэхьэзырынымкIэ и спорт еджапIэ» щIэныгъэ гуэдзэ щрагъэгъуэт къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и тренерегъэджакIуэм;

цIэ лъапIэр фIэщын

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Шэрий Иналбэч Аслъэн и къуэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и командэ къыхэхахэр гъэхьэзырынымкIэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и спортсменым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ,
2026 гъэм щэкIуэгъуэм и 4-м
№112-УГ



Мыгувэу къызэIуахынущ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зригъэлъэгъуащ Лышх узыфэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ диспансерыщIэм ухуэныгъэхэр зэрыщекIуэкIыр. Лэжьыгъэр и кIэм ноблагъэ.

МЕДИЦИНЭ IуэхущIапIэм хэтынущ хирургие, радиологие, поликлиникэ, сымаджэхэр япэу зрашалIэ, абыхэм щеIэзэ къудамэхэр. IуэхущIапIэр гъуэлъыпIэ 250-м нэблагъэкIэ къызэгъэпэщауэ щытынущ, поликлиникэм махуэ лэжьэгъуэм къриубыдэу дэIэпыкъуныгъэ щагъуэтынущ цIыхуи 100-м. Хирургие къудамэм операцэхэр щрагъэкIуэкI пэшышхуэу 5-рэ нэхъ цIыкIуу 2-рэ хэтынущ.

Диспансерыр иджырей мардэхэм тету яухуэ, ар сыт и лъэныкъуэкIи цIыхухэм я тыншыпIэм хуэщIауэ щытынущ. Абы папщIэ фIагъышхуэ зиIэ технологие Iэмэпсымэхэр къащэхуащ, абыхэм Iэмал къаритынущ нэхъапэкIэ республикэм и цIыхухэм щIыналъэм щамыгъуэта IэзэгъуэщIэхэр IэнатIэм къыщагъэсэбэпыну. Ухуэныгъэр ирагъэкIуэкI «ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ проектым хэту.

Лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм къадэкIуэу сымаджэщ къалэ цIыкIум къегъэщIылIа гъуэгухэри зыхуей хуагъэзэж. Иджыпсту жыджэру зэгъэпэщыжыныгъэхэр щокIуэкI Малая уэрамым. Ар зыхуей хуагъэзэжмэ, медицинэ IуэхущIапIэхэм я бгъэдыхьэпIэхэр «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и машинэхэмкIи, сымаджэхэмкIи, абыхэм къакIэлъыкIуэхэмкIи нэхъ шынагъуэншэ хъунущ.

Гъуэгур йокIуалIэ Медицинэ технологие лъагэхэмкIэ центрым, Сабий клиникэ центрым, Жьэн узыфэхэр, Лышх узыфэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ диспансерхэм. Гъуэгум телъ асфальтыр къагъэщIэрэщIэж, лъэс лъагъуэхэр, уэздыгъэхэр, машинэхр щагъэувыну щIыпIэхэр зыхуей хуагъазэ.

IуэхущIапIэм къегъэщIылIа щIыналъэри зэIузэпэщ ящI, сымаджэхэм зыщагъэпсэхуну щIыпIэхэр къызэрагъэпэщ.

Эрмитажым хуащIа тыгъэ лъапIэ

ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлIэу къэралым и Эрмитажым щекIуэкIащ зэIущIэ гуапэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэ щIэинхэмрэ зыужьыныгъэмкIэ и институтым, музейм тыгъэ хуищIащ Кавказ шууей дивизэм хэта зауэлIым и фэилъхьэгъуэр. Ар нобэм къэса щыгъыныгъуэкъым, атIэ иджырей IэпщIэлъапщIэхэм, тхыдэ дэфтэрхэр я тегъэщIапIэу, къагъэщIэрэщIэжа хьэпшыпхэщ.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщ урыс пащтыхьыдзэм и Кавказ шы дивизэм «Дикая дивизия»-кIэ еджэу щIыщытар. Абы хэтыр Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм ящыщ зауэлIхэу къэралыдзэм къулыкъу щызымыщIахэрт. Япэ дунейпсо зауэм лIыгъэ щызезыхьа а дивизэм и Къэбэрдей полкым хэтыр адыгэ зауэлIхэрат.

ЗауэлI фащэм щIыгъущ бгырыпх, хьэзырхэр, сэшхуэрэ къамэрэ, ахэр зэрызыкIэращIэу плIэмкIэ щызэблэдза бгырыпх лIэужьыгъуэр. Ахэр къыхэхащ гъущIым, дыжьыным, вым и бжьакъуэм. ЩэкIымрэ фэмрэ къыхэщIыкIа Iыхьэхэр IэрыщIщ, джатэдзэхэмрэ гъущI Iэмэпсымэхэмрэ и IэдакъэщIэкIщ гъукIэ Iэзэ, гъущIым елэжь IэпщIэлъапщIэ Тумэ Залым.

«КIуэдыжа хужыпIэну къемызэгъыу, атIэ иджырей зэманым щIэупщIэ зимыIэж Iэмал зэмылIэужьыгъуэ куэд къэзгъэсэбэпащ хьэпшыпхэр щысщIым. Си IэдакъэщIэкIхэр зылъагъу IэщIагъэлIхэр щыхьэт техъуэфынущ XVIII-XIX лIэщIыгъуэхэм псэуа IэпщIэлъапщIэхэм я лэжьэкIэм пэгъунэгъу дыдэ сызэрыхуэхъуам», - жиIащ Тумэм.

Ахэр щагъэхьэзырым гулъытэ хэха хуащIащ я теплъэм, къызыхэщIыкIам, хьэпшыпхэр зэрыгъэщIэрэщIам, адыгэ щэнхабзэм къызэщIиубыдэ художественнэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэм.

Эрмитажым и унафэщI Пиотровский Михаил Iуэхум щытепсэлъыхьым къыхигъэщащ Кавказым и щэнхабзэр музейм куэдкIэ зэрыпыщIар - щIэныгъэ, щэнхабзэ, археологие зэдэлэжьэныгъэхэмкIэ, Эрмитажым и махуэу Кавказым щIэх-щIэхыурэ щрагъэкIуэкIхэмкIэ. Абы жиIащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым хиубыдэу, КъБР-м музейм тыгъэ лъапIэ зэрыхуищIам дызэрызэкъуэтыр, лъэпкъ щIэинхэр зэрыдгъэлъапIэр къызэригъэлъагъуэр, ди тхыдэмрэ щэнхабзэ къуэпсхэмрэ зэрызэпэгъунэгъумрэ Эрмитажыр Кавказым быдэу къызэрыпыщIамрэ я дамыгъэу ар зэрыщытыр. «Къапщтэ, уеIусэ хъууэ щытамэ, си гуапэу Iэ дэслъэнут мы фэилъхьэгъуэ телъыджэм», - жиIащ Пиотровскэм.

Тыгъэр Эрмитажым зэрыратым и щIыхькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэ щIэинхэмрэ зыужьыныгъэмкIэ и институтым къыдигъэкIыжащ Вилинбахов Вадим (1924-1982) «Из истории русско-кабардинского боевого содружества» и тхъылъыр, Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ я зэпыщIэныгъэр къэзыгъэлъагъуэ зы тхыдэ напэкIуэцIыр зи тегъэщIапIэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и саугъэтыр хуейхэм щэкIуэгъуэм и 15 пщIондэ щызрагъэлъагъуфынущ музейм и ЩIымахуэ уардэунэм и Пикет пэшым.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Хъыбар гуапэ

Тхьэмокъуэ Элинэ дзыхьыр егъэпэж

Африкэ жыжьэм къикIыу хъыбар гуапэ къытIэрыхьащ тхьэмахуэ махуэ блэкIам. Сенегалым и къалащхьэ Дакар мы махуэхэм щекIуэкI, ныбжьыщIэхэм я 4-нэ Гъэмахуэ Олимп джэгухэм Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту тхэквондомкIэ (ВТФ) дыжьын медаль къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсмен, Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Тхьэмокъуэ Элинэ.



АДЫГЭ пщащэ цIыкIум зэIущIищ щригъэкIуэкIащ абы. ЯпэщIыкIэ Элинэ хигъэщIащ Азербайджаным и спортсменкэ Исаевэ Зухра, зэIущIэм хухаха зэманыр и кIэм нимыгъэсу. КъыкIэлъыкIуэу, апхуэдэ дыдэу текIуащ Тайваным икIа Лай И-Чжен. Финалым Тхьэмокъуэр щыхуэзащ Европэм и чемпион, дунейпсо чемпионатым етIуанэ щыхъуа, Хорватием и спортсменкэ лъэщ Углешич Петрэ. Ауэ а зэIущIэ гуащIэм Элинэ и хьэрхуэрэгъур щынэхъ лъэщащ. Абыхэм зыкъыщагъэлъэгъуар килограмм 44-рэ зи хьэлъагъхэм я дежщ.

«Фыпсэу, яжызоIэ къыздэщIауэ хъуам. Зи къарурэ зэманрэ къыстезыгъэкIуэда псоми - си адэ-анэм, тренерхэм, - фIыщIэшхуэ яхузощI фIыуэ къысхалъхьауэ хъуам щхьэкIэ. Мы медалым си дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Сэ абы куэдрэ сыхуэкIуащ», - яжриIащ Элинэ журналистхэм зэхьэзэхуэ нэужьым.

Къыхэдгъэщынщи, апхуэдэ зэхьэзэхуэ иным Урысей Федерацэм и щIыхьыр тхэквондомкIэ бзылъхугъэхэм я деж щихъумэну ди къэралым щыщу дзыхь зрагъэзар Тхьэмокъуэ Элинэ и закъуэщ. Ар къэплъытэмэ, нобэрей дыжьын медалыр дыщэ пэлъытэ мэхъу.

Элинэ зэрыхъур илъэс 16-щ, Европэм и чемпионщ, дунейпсо чемпионатым ещанэ щыхъуащ, УФ-м пашэныгъэр къыщихьащ, урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм мызэмытIэу щытекIуащ. Пщащэ цIыкIум дэлажьэхэр УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амир, Унэжокъуэ Абдельджэбар, Тикаев Индрис сымэщ.

Мыдрейуэ, ныбжьыщIэхэм я гъэмахуэ Олимп джэгухэр Африкэ щIыналъэм япэу щрагъэкIуэкIауэ аращ. Урысей Федерацэм и командэ къыхэхар спорт лIэужьыгъуэу 9-м къыщыгъэлъэгъуауэ аращ, псори зэхэту спортсмен 13-щ хэтыр.

Абыхэм яхэхуащ ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлъагъужа ди лъахэгъу Тхьэмокъуэ Элинэ икIи гуапэу дохъуэхъу хиша лъагъуэм екIуу ирикIуэу балигъхэм я Олимпым и щыгум щхьэщыхьэну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Псори текIуэныгъэм папщIэ

Урысей Федерацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэмрэ «За Россию» цIыхубэ фронтымрэ» ягъэбелджыла «Псори текIуэныгъэм папщIэ» Iуэхур къэралым и щIыналъэхэм щокIуэкI.

ДЗЭ Iуэху хэхам щыIэхэм папщIэ къызэрагъэпэща «Псори текIуэныгъэм папщIэ» Iуэхур Налшык Калюжнэм и цIэр зезыхьэ ебланэ курыт еджапIэм щекIуэкIащ. Ар хуэгъэпсат щIэблэр хэкупсэу гъэсэным, жылагъуэ Iуэхум дегъэхьэхыным, гуапагъэмрэ гущIэгъумрэ хуэущииным. Псапэ щIэным хуагъэхьэзыра жармыкIэр къыщызэIуахым, утыкур ягъэдэхащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я фащэ гъэщIэрэщIа зыщыгъ сабийхэм. Налшык сабий сад №71-нэм и гъэсэн цIыкIуэхэм къафэрэ уэрэдкIэ ягъэгуфIащ школ пщIантIэм къыщызэхуэсахэр. Псапэ щIэным хухэха Iуэхур зэрыщхьэпэм, еджакIуэхэм я хьэл-щэныр ефIэкIуэным ар сэбэп зэрыхуэхъум тепсэлъыхьащ курыт еджапIэм и унафэщI Хъарзынэ Заур. Абы фIыщIэ яхуищIащ «ЦIыхубэ фронтым» и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Къардэн Анзор, Iуэхур къадэзыIыгъа сабий садым и лэжьакIуэхэмрэ и гъэсэнхэмрэ, курыт еджапIэм Iуэхур къыщызэгъэпэщыным хэлэжьыхьа еджакIуэхэм, егъэджакIуэхэм, шхыныгъуэ IэфIхэр зыпщэфIа анэхэм. ЕджапIэ пщIантIэм абы теухуауэ къыщызэIуахащ жармыкIэ, класс къэс ерыскъы щапIэ щхьэхуэ иIэти, дахэу ягъэщIэрэщIат. ЖармыкIэм хэтащ курыт еджапIэм и унафэщIыр, егъэджэныгъэмкIэ абы и дэIэпыкъуэгъухэр, егъэджакIуэхэр, еджакIуэхэр, адэанэхэр. ЖармыкIэм щащащ адыгэхэм, балъкъэрхэм, урысхэм хьэжыгъэм къыхащIыкI я шхыныгъуэхэм щыщхэр - дэлэныр, хъыршыныр, хьэлыгъуанэр, лэкъумыр, тхъурыжьыр, щIакхъуэзэтеупIэщIыкIыр, нэгъуэщI куэди. Iэнэхэм телът пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ, сабийхэм ящIа хьэпшып цIыкIухэр. ЖармыкIэм щащам къыпэкIуа ахъшэр ягъэкIуащ «За Россию» цIыхубэ фронтым» и псапащIэ фондым. ЩэхуакIуэхэм къагъэсэбэпащ абы хухэха QR-кодыр. Сыхьэтищым къриубыдэу ящащ жармыкIэм къраxьэлIахэр.

НАФIЭДЗ Данэ.

ЕхъулIэныгъэ лъагэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщрагъэблэгъэжащ Астана щекIуэкIа бэнэкIэ хуитымкIэ дунейпсо чемпионатым домбеякъ медаль къыщызыхьа бэнакIуэ щэджащэ Шаваев Малик. А хъыбарымкIэ и щIэджыкIакIуэхэм ядэгуэшащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

«КЪЫХЭЗГЪЭЩЫНУ сыхуейщ, - етх Iэтащхьэм, - Малик ди республикэм зэрыщыпсэур, къыщыхъуари, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ чемпион къыщыхэкIари ди щIыналъэрауэ зэрыщытыр.

Шэрий Иналбэчи Шаваев Малики къагъэлъэгъуа ехъулIэныгъэр щыхьэту къоув Къэбэрдей-Балъкъэрым бэнэкIэ лIэужьыгуэхэм епха спортыр увыпIэ лъагэм зэрыщынэсар, пщIэшхуэ зиIэ спортсменхэр щагъэхьэзырауэ. Абыхэм яхэтщ Олимпиадэхэм, дунейпсо чемпионатхэм къыщыхэжаныкIахэр. Дэтхэнэ зыми спортым къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIымкIэ республикэр ипэкIэ игъэкIуэтащ, къэралым и пщIэр иIэтащ.

Шаваев Малик сохъуэхъу и ехъулIэныгъэхэмкIэ, дяпэкIи и зэфIэкIым хигъэхъуэну си гуапэщ!»

Нобэ Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и органхэм я лэжьакIуэм и махуэщ



И лэжьыгъэми спортми дехьэх

«Къыспэщыт къалэнхэр екIуу зэфIэхынымкIэ спортыр дэIэпыкъуэгъу къыхуохъу», - жеIэ мы тхыгъэмкIэ фэдгъэцIыхуну хабзэхъумэхэм ящыщ Ташу Мхьэмэд.

ПОЛИЦЭМ и майор Ташу Мухьэмэд Ильяс и къуэр Урысей МВД-м и Налшык управленэм и къудамэ №2-м полицэм и участковэ уполномоченнэ нэхъыжь къулыкъур зэрыщрихьэкIрэ мазитI хъууэ арами, фIыуэ зыкъигъэлъэгъуащ, и лэжьэгъухэми гунэс ящыхъуащ. Ар къалъытэ дзыхь зэбгъэз хъун ныбжьэгъуу.

Ташу Мухьэмэд и сабиигъуэм дэзыхьэха спортым и гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ. ШколакIуэу бокс секцэм кIуэн щIидзащ. Зэхьэзэхуэхэм хэту текIуэныгъэхэр къихьурэ, ар спортымкIэ мастерым и кандидат хъуащ.

Школыр къиухри, Мухьэмэд Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и юридическэ факультетым щIэтIысхьащ. ЕджэныкъуитIыр зэрыдэхьэхыр, илъэс куэд хъууэ абы зэрызыхуигъасэр хабзэхъумэм дэIэпыкъуэгъушхуэ къыхуохъу и къулыкъукIэ и пщэ къыдэхуэхэм екIуу пэлъэщынымкIэ. .

- Полицэм и лэжьакIуэм Iуэхум фIыуэ хищIыкIыным, иджырей щытыкIэхэм щыгъуэзэным, щIэныгъэ бгъэдэлъыным и мызакъуэу, къарукIи псыхьауэ щытыпхъэщ. Спортыр полицейхэр къаруушIэу щытыным и мызакъуэу, къапэщыт къалэнхэр тэмэму зэфIэхынымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэщ, - жеIэ абы.

2026 гъэм къриубыдэу майор Ташур нэгъуэщI зэпеуэхэми хэтащ. ЩIышылэм Налшык щекIуэкIащ «Сила Эльбруса» къару спортымкIэ республикэ зэпеуэ, Урысейм Спортымкlэ и министерствэм спорт лIэжьыгъуэщIэу къилъытар. Абыи Мухьэмэд япэ увыпIэр къыщихьащ. Гъатхэпэм и кIэм Краснодар крайм стритлифтингымкIэ и кубок зэIухам аргуэру щытекIуащ.

Ташу Мухьэмэд и зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр жыджэру иregъэкIуэкI. И унагъуэр - и щхьэгъусэмрэ илъэс 12 зи ныбжь и къуэ Алийрэ щIыгъуу Iуащхьэмахуэ лъапэ макIуэ, лыжэхэмкIэ уэсылъэ джабэхэм къежэхын, зигъэпсэхуарэ къаруущIэхэр иIэу лэжьыгъэм пэрыувэжын папщIэ.

УАРДЭ Жантинэ.

КIуащ ФатIимэ и фащэр



Полицэм, дзэм къулыкъу щыщIэн Iуэху мытыншыр цIыхухъухэм я пщэрылъу къэгъуэгурыкIуами, нобэ ди мащIэкъым а лэжьыгъэм пэрыт бзылъхугъэ щыпкъэхэри. Абыхэм ящыщщ КIуащ ФатIимэ.

ФАТIИМЭ Старэ Шэрэдж къуажэм къыщалъхуащ 1981 гъэм щIышылэм и 4-м. 2000 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал хабзэмкIэ и лицейр къиухащ. 2016 гъэм Бизнесымкlэ лъэпкъ институтым щIэтIысхьэжри, юриспруденцэмкIэ IэщIагъэ зригъэгъуэтащ. КIуащыр органым хэтщ 2001 гъэ лъандэрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м и къызэрыгуэкI лэжьакIуэт ФатIимэ, 2005 гъэм Налшык къалэм щIэпхъаджащIэхэр къащытеуам икIи а зэхэуэм уIэгъэ щыхъуа хабзэхъумэхэм япэ дэIэпыкъуныгъэхэр яриту, жыджэру хэтащ.

2003 - 2011 гъэхэм цIыхубзыр Налшык къалэ округым щыIэ УМВД-м и финанс лэжьыгъэхэм епхауэ щытащ, 2011 - 2012 гъэхэм дежурнэ частым и инженер-электроник къалэнхэр щигъэзэщIащ управленэм. 2012 гъэм щыщIэдзауэ нобэр къыздэсым ФатIимэ Налшык къалэ округым и УМВД-м щыIэ ППСП-м хэтхэм ядолажьэ, полицэм и капитанщ. КIуащым и лэжьыгъэр фIыуэ зэригъэзащIэм папщIэ фIыщIэ, щытхъу тхылъхэмкIэ, 1-нэ, 2-нэ, 3-нэ нагъыщэ медалхэмкIэ ягъэлъэпIащ.

«ФатIимэ гъэсэныгъэшхуэрэ хабзэ дахэрэ хэлъщ, абы жиIар и чэзуми егъэзащIэ, набдзэгубдзаплъэщ, зэпIэзэрытщ, захуагъэмрэ пэжымрэ я телъхьэщ. Къищынэмыщlауэ, хабзэхъумэ фащэр фIыуэ елъагъу. ЖыпIэнуракъэ, полицэм хуэщIащ и дуней тетыкIэр, гупсысэкIэр, щытыкIэр», - жаIэ ФатIимэ къыдэлажьэхэм.

Дохъуэхъу нобэ зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэ Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэм я лэжьакIуэхэм, а Iуэху мытыншым зэрыпэлъэщын узыншагъэрэ гукъыдэжрэ яIэу я къулыкъур ирахьэкIыну.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Сыт хуэдэ щытыкIэми хуэхьэзырщ



Полицэм и плъыр-пост къулыкъум ущылэжьэну тыншкъым. Махуэ къэс полицейхэм, я гъащIэмрэ узыншагъэмрэ емыблэжу, япэ игъэщыпхъэ къалэныр - цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщыныр - ирахьэкI. Бгылъэ щIыпIэхэм ар щынэхъ гугъужщ, аращи, лэжьыгъэм нэгъуэщIу щыбгъэдохьэ.

Мэз гъунэншэхэмрэ бгыхэмрэ къалэныр щрахьэкI Урысей МВД-м Iуащхьэмахуэ районым щиIэ къудамэм и ППСП-м и лэжьакIуэхэм.

РАЙОНЫМ гулъытэшхуэ зиIэ и щIыпIэ телъыджэщ Iуащхьэмахуэ бгыр - Европэм и лъагапIэ иныр. ЩIыналъэм и къалащхьэ Тырныауз метр 1300-рэ лъагапIэм щыIэщ. Илъэс къэс зыплъыхьакIуэ мелуаным нэблагъэ къокIуэ лыжэкIэ къэзыжыхьхэм я мызакъуэу, альпинистхэм я дежи щыцIэрыIуэ Iуащхьэмахуэ лъапэ. Районым и дуней щытыкIэр зэрыщыту къапщтэмэ, щызэпIэзэрытщ, ауэ адрейхэм хуабжьу къаззэрыщхьэщыкIи иIэщ: абы лъагапIэм елъытауэ зехъуэж. Нэхъ лъагэхукIэ нэхъ щIыIэщ икIи зыкъызэкъуихыу уэшх къешхынкIи е уэс къесынкIи хъунущ.

ППСП-м и полицейхэм жылагъуэ хабзэр хъумэным, щIэпхъаджагъэхэр къыщIэгъэщэным пыщIа къалэнхэр зэфIэхыу, бгыхэм зыщызыплъыхьыну, зыщызыгъэпсэхуну къакIуэхэм псалъэмакъ щхьэпэхэр драгъэкIуэкI, къуршхэм зэрызыщыIыгъыпхъэр ягу къагъэкIыжу. Абыхэм цIыхухэм жраIэ бгы лъагъуэхэм щыщызекIуэкIэ Iэмал имыIэу набдзэгубдзаплъэу, сакъыу зэрыщытыпхъэр икIи аттестат зиIэ инструктор-гъуэгугъэлъагъуэхэм я Iуэхутхьэбзэхэр къагъэсэбэпыну чэнджэщ ират.

Урысей МВД-м и къудамэу Iуащхьэмахуэ районым щыIэм и Плъыр-пост къулыкъум и полицей Алиев ТIэхьир ППСП-м илъэси 9 хъуауэ щолажьэ. Абы зэрыжиIэмкIэ, плъыр полицейм и лэжьыгъэм щынэхъыщхьэхэм язщ дэтхэнэ цIыхуми бгъэдыхьэкIэ къыхуэгъуэтын зэрыхуейр. Алиевым къызэрыхигъэщащи, лэжьакIуэхэм къалэныр щрахьэкI Тырныауз хьэблэ зэхуэмыдэхэм - нобэ центрым ущолажьэ, пщэдей къалэм и гъунэр уи нэIэм щIэтщ. Полицейхэм къыщIагъэщ икIи къызэпауд щIэпхъаджагъэхэмрэ административнэ хабзэншагъэхэмрэ: цIыху зэхуэсыпIэхэм фадэ щефэныр, еIуящIэныр, чэфу жылагъуэ щIыпIэхэм къыщыхутэныр, нэгъуэщIхэри.

Ялэжьа щIэпхъаджагъэр сэтей къащIын е цIыху куэд зыхэт Iуэхуэр щрагъэкIуэкIкIэ жылагъуэ хабзэр къызэрагъэпэщын папщIэ лэжьакIуэхэр бгыхэми макIуэ. Iэмалыншагъэ хъумэ, полицейхэр щолажьэ метр 3000-м щIигъу лъагапIэми, температурэм зэрызихъуэжми, уэсукхъуэ къехынкIэ шынагъуэ зэрыщытыпхъэр икIи аттестат зиIэ инструктор-гъуэгугъэлъагъуэхэм я Iуэхутхьэбзэхэр къагъэсэбэпыну чэнджэщ ират.

Урысей МВД-м и къудамэу Iуащхьэмахуэ районым щыIэм и Плъыр-пост къулыкъум и полицей Алиев ТIэхьир ППСП-м илъэси 9 хъуауэ щолажьэ. Абы зэрыжиIэмкIэ, плъыр полицейм и лэжьыгъэм щынэхъыщхьэхэм язщ дэтхэнэ цIыхуми бгъэдыхьэкIэ къыхуэгъуэтын зэрыхуейр. Алиевым къызэрыхигъэщащи, лэжьакIуэхэм къалэныр щрахьэкI Тырныауз хьэблэ зэхуэмыдэхэм - нобэ центрым ущолажьэ, пщэдей къалэм и гъунэр уи нэIэм щIэтщ. Полицейхэм къыщIагъэщ икIи къызэпауд щIэпхъаджагъэхэмрэ административнэ хабзэншагъэхэмрэ: цIыху зэхуэсыпIэхэм фадэ щефэныр, еIуящIэныр, чэфу жылагъуэ щIыпIэхэм къыщыхутэныр, нэгъуэщIхэри.

Ялэжьа щIэпхъаджагъэр сэтей къащIын е цIыху куэд зыхэт Iуэхуэр щрагъэкIуэкIкIэ жылагъуэ хабзэр къызэрагъэпэщын папщIэ лэжьакIуэхэр бгыхэми макIуэ. Iэмалыншагъэ хъумэ, полицейхэр щолажьэ метр 3000-м щIигъу лъагапIэми, температурэм зэрызихъуэжми, уэсукхъуэ къехынкIэ шынагъуэ зэрыщытыпхъэр икIи аттестат зиIэ инструктор-гъуэгугъэлъагъуэхэм я Iуэхутхьэбзэхэр къагъэсэбэпыну чэнджэщ ират.

Урысей МВД-м и къудамэу Iуащхьэмахуэ районым щыIэм и Плъыр-пост къулыкъум и полицей Алиев ТIэхьир ППСП-м илъэси 9 хъуауэ щолажьэ. Абы зэрыжиIэмкIэ, плъыр полицейм и лэжьыгъэм щынэхъыщхьэхэм язщ дэтхэнэ цIыхуми бгъэдыхьэкIэ къыхуэгъуэтын зэрыхуейр. Алиевым къызэрыхигъэщащи, лэжьакIуэхэм къалэныр щрахьэкI Тырныауз хьэблэ зэхуэмыдэхэм - нобэ центрым ущолажьэ, пщэдей къалэм и гъунэр уи нэIэм щIэтщ. Полицейхэм къыщIагъэщ икIи къызэпауд

Илъэсищэ зи ныбжь Джэрмэншык

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Аруан районым хыхьэ Джэрмэншык къуажэм иджыблагъэ гуфІэгъуэ зэхыхьэ щекІуэкІащ. Ар теухуат а жылэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсищэ зэрырикъум.

● Къуажэ гъащІэ



НАЛШЫК дыдэжауэ, «Прохладнэ шоссе» зыфІащам дытету дыщежэкІэ, япэу дызыІущІэ жылэр Джэрмэншыкщ. Сэмэгумкіэ гъунэгъу дызыхуэхъу къуажэм дызэрынэсу, тыкуэн зыкъизыхкэр ижьрабгъумкІэ зэрытетми сэмэгурабгъумкІэ бензин игъэхъуапІэ дэгъуэхэр зэрыщытми гу лъыдотэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом адыгэбзэмкІэ и къудамэм щылажьэ, журналист Мыз Ахьмэдрэ сэрэ дыкъезышэха Борэн Іэдэм къуажэкур здэщыІэмкІэ щыдигъэгъазэм, дызытехьа уэрамри абы тет лъапсэхэм я куэбжэпэхэри зэщІэгъэкъэбзарэ гугъэзагъэу зэрыщытри долъагъу.

Нэжэгужагъэм зыхуэдгъэхьэзырауэ дыздэкІуам, теплъэ гъэщІэрэщІа зиІэ къыдэлъэдапІэмкІэ зыхэтщІащ дызыхашэ къуажэ тхьэлъэІум махуэ бжыгъэ хъуауэ мы жылэм зэрызыщыхуагъэхьэзырари.

Къызэрыдгурыіуамкіэ, Борэн Іэдэм (мы зэманым Налшык къалэ дэсми, къыщыхъуар мыращ) дыздришар Джэрмэншык къуажэкурщ. Щэнхабзэмкіэ унэр ижьрабгъумкІэ къыщытщ, сэмэгурабгъумкІэ - курыт еджапІэр. ЗэрагъэнэіуамкІэ, абы и пщІантІэрщ къуажэм и илъэсищэр щагъэлъэпІэну зэхуэс нэхъыщхьэр щызэхэтынури. Пщэдджыжьыпэу дыкъэсами, абы зыщызыгъазэу дэтхэр гуапэу къытпежьащ.

Дыщыдыхьэм, япэу гу зылъыттар къуажэм дэс лІакъуэхэм ящыщ зыбжанэм ижьымкІэ къыщрагъэувэкІа, гъэлъэгъуэныгъэ теплъэ зиІэ пщІантІэ-хьэщІэщхэм я Іуплъапіэхэрат. Концерт зэрыщатыным хуэщІа утыку зэлъыІухари зыдэщІыгъу къэпсэлъапІэ зыкъизыхри школым и щІыхьэпІэ нэхъыщхьэм и сэмэгурабгъумкІэ щагъэуват.

Псори тфІэгъэщІэгъуэнщи, пщІантІэшхуэр, дызэрыхуеПэщІэкІ къыхэдмыгъахуэу, къызэхыдокІухь, жьыуэ дыкъызэрыкІуамрэ цІыхухэр иджыри зэрымащІэмрэ къыхэкІыу. Ижьымкіэ япэу дызыІуплъэр Мэзхэ я лІакъуэм мы Іуэхум хухаха хьэщІэщ-утыку цІыкІурщ. Бжыхькіэ къаухъуреихьыжащи, къапІэхэм япэу я нэгу къызэрыщІэувэм шэч хэлъкъым, лІакъуэхэм зэхэту ирагъэувэкІа я хьэщІэщ-гъэлъэгъуэныгъэ хэукъуэдиикІам уэрамымкІэ гъэза и нэз дыдэм ар хуэзащи. Абы и пщІантІэ цІыкІум къыщызэрагъэпэща жьэгум лэгъуп щызэфІащІэ, мафІэ щызэщІагъэст, лы гъэжьапІэр щхьэхуэу къыщытщи, пэралъхьэ пхъэм щхьэщыджэгукІ бзий зызыІэтым теплъэгъуэр нэхъри щІэщыгъэ имыщІынри Іэмал зимыІэщ.

Ауэрэ здекІуэкІым, гуфІэгъуэ зэхуэсым хэтынуи къыщыпсэлъэнуи зыпэплъэ хьэщІэ лъапІэхэр къызэрысамкІэ хъыбар дагъэщІащ. Макъамэ нэжэгужэр къэІуу, къуажэдэс нэхъыжьхэр хьэщІэхэм япежьащ...

Къэпсэлъапіэм къохьэ Іуэхум хузэхаубла зэхыхьэ нэхъыщхьэр езыгъэкІуэкІ Хъуэст Тимуррэ Тохъу Миланэрэ.

- Хьэщіэ лъапіэхэр къытхуеблэгъащи, хуэфэщэнкІэ фаныпежьэ! Ди гуфІэгъуэр дублащи, цІыкІуи ини дынывожьэ! Джэрмэншык къуажэм и утыкур гуфІэгъуэ зэхуэсым хузэІуех! Жылэр лІэщІыгъуэ псо зэрырикъур догъэлъапІэ!

Къэпсэлъапіэм къохьэ къуажэ администрацэм и тхьэмадэ Пщыхьэщіэ Сэрэбий.

- Зи Іуэху-зи лэжьыгъэ къэзыгъанэу, ди махуэр къыддэзыгъэлъэпІэну къытхуеблэгъа ди хьэщІэхэм ину фІыщІэ яхудощІ! Ди нэхъыжьыфІхэм зыныфхузогъазэри, «узыншагъэр фиІэу, гуфІэгъуэр фи бэу, фи жьауэрэ фи чэнджэщрэ дыщІэту, Тхьэшхуэм ди япэ куэдрэ фригъэт! Апхуэдэуи, ди щІалэгъуалэм, ди ныбжьыщІэхэм сынывохъуэхъу, ди къуажэм и цІэр дыщыпсэу Къэбэрдей-Балъкъэрми дызэрыс къэралышхуэми дяпэкІи фІыкІэ щывгъэІуну, ди щхьэр лъагэу дывгъэІэтыну, гъуэгуанэ дахэ къэфкІуну!

Нобэ Джэрмэншыкым ди махуэ лъапІэщ, илъэсищэ дрокъу. Мы ди Іуэхум зыкъыдигъазэу, берычэтыр ди бэу, узыншагъэр ди куэду, нобэрей ди махуэ лъапІэм районри къуажэри нэхъыфІ дрихъуат жызыІэфын Тхьэм дищІ! Мы зэманым «дзэ Іуэху хэха» жыхуаІэр йокІуэкІри, ари икІэщІыпІэкІэ ди текІуэныгъэкІэ иухауэ, абы щыІэ ди щІалэхэр узыншэу къытхуэкІуэжауэ дигъэлъагъу! Махуэ дахэ, махуэ угъурлы тхуищІ! - жиІащ Сэрэбий.

Адэкіэ къэпсэлъапіэм къихьащ КъБР-м щІы Іуэхухэмрэ мылъку зэхущытыкІэхэмкІэ и министр Тохъу Аслъэн. Ар къеджащ ди республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Джэрмэншык жылэдэсхэм я гуфІэгъуэ махуэмкІэ къаздэрехъуэхъуа тхыгъэм.

«Си лъахэгъу лъапІэхэ! Сигуми си псэми къабгъэдэкІыу сынывохъуэхъу, Джэрмэншык къуажэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсищэ зэрырикъум хуэгъэзауэ! Фи тхыдэм и сыт хуэдэ напэкІуэцІри лъагэм хуаІэ лъагъуныгъэрэ лэжьыгъэм пщІэ зэрыщыхуащІымкІэ гъэнщІащ.

Фи блэкІам къыхэщыжыр зыщ: лэжьыгъэм сытым щыгъуи пщІэ щыхуащІу Джэрмэншык къуажэр къызэрекІуэкІарщ. Мыбдежым фи блэкІари къыщалъытэ, ехъулІэныгъэфІхэр фызэриІэм папщІи фІыщІэ щащІ, къэкІуэну дахэ фызэриІэнуми фыщыхущІокъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и адрей цІыхухэми ещхьу, Джэрмэншык къуажэм къыдэкІахэри Хэку зауэшхуэм хэтащ, зауэ нэужь илъэсхэми я гуащІэ емыблэжу лъахэр къызэрагъэщІэрэщІэжыным, цІыхубэ хозяйствэр зэрыщызэтрагъэувэжыным ерыщу иужь итащ.

Джэрмэншыкым пщІэ зыгъэнщІа лэжьакІуэбэм я цІэрхэр. Жэщ-махуэ ямыІэу, псэхупІэ мылъыхъуэу, щІыр Іэпщэкіэ зытІахэр, жырышым тесу зывахэр, жылэ хэзылъхьэу гуэным къагъэсыхукІэ емытІысэхахэр. Дэтхэнэр жыпІэн? Псэемыблэжт, жырыпкът, псэмызагъэ защІэт. Щэіури гызри зымыщІэт. ЯщІэр сытыт? Ипэкіэ кІуэн, къимыкІуэтын, щІэблэм насыпыр къахуэзэун, зи гуащІэдэкІ хьэлэлым иринасыпыфІэ, гупсэхугъуэ езыгъэгъуэт, я зэманым и лІыхъужь нэст дэтхэнэри.

Къуажэм къыдэкІащ еджагъэшхуэхэри щІэныгъэлІхэри. Джэрмэншыкым пщІэ къыхуахьащ тхакІуэ Къашыргъэ Хьэпащіэ, тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, этнограф цІэрыІуэ Мафіэдз Сэрэбий, Лениным и орденыр зрата Мыгъуэлі Къэрэкъанрэ Мэз Уэлийрэ, композитор Молэ Владимир, щІэныгъэрылажьэхэу Щоджэн Коммунаррэ КІыщокъуэ Хьэтаурэ, Джэрмэншыкымрэ абы и цІыхухэмрэ ятеухауэ тхылъиплІ зи Іэдакъэ къыщІэкІа нэхъыжьыфІ ЛІуп Нурхьэлий, нэгъуэщІхэми.

Щхьэлыкъуэ къуажэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Вэрылі Къанщобии ящыщт махуэшхуэр къадэзыгъэлъэпІэну къэкІуахэм.

- Щхьэлыкъуэ жылэдэсхэм къабгъэдэкІыу фІэхъус гуапэ фызох! Нобэрей фи махуэ дахэм фи нэмысыр къиІэтыну, пщІэ, мылъку къыфхудэкІуэну, гъащІэм тыншу, узыншэу фыдэгъуэгурыкІуэну сынывохъуэхъу! Нобэ фи Іуэхухэр фІы дыдэщ, фофІакІуэ. Абы и зы нэщэнэщ къэралым и Іэтащхьэ Путин Владимир ди республикэм къыщыкІуам, Джэрмэншык къашэу зэрырагъэлъэгъуари, фи Іуэхухэр зэрыфІым игъэгушхуэу зэрыдэкІыжари. Дэ дапщэщи дывигъусэщ. Щхьэлыкъуэри мэгушхуэ фэр щхьэкІэ. Сытым дежи фытлъагъуну, фи Іуэху дыхэтыну ди гуапэщ. Фи нэхъыжьхэр фи жьантІэм дэсу, фи щІалэгъуалэр узыншэу, фефІакІуэу, хэхъуэр куэду фиІэу, иджырей гъащІэм дэгъэгурыкІуэфын Тхьэм фищІ!

Джэрмэншык къуажэм къыщыхъуа, экономикэ щІэныгъэмкІэ доктор Балъкъыз Михаил къыщыпсэлъащ зэхуэсым.

- Ди лъахэ, ди жылэ дыщэ! Махуэр къызэрыдэхъулІамкІэ сэ нобэ сыту сыгуфІэрэ! Сэ къуажэ куэд сыдэтащ, ди республикэ ирехъу, нэгъуэщІ щІыналъэу щрырети, ди жылэм хуэдэу тыншу ягъэтІыса, зи уэрамхэр захуэу, дахэу, бгъуэуэ зыухуа яхэслъэгъуакъым. Псыри мэзри лъэныкъуитІымкІи щыІэу, щІыр пшэру. Апхуэдэ щІыпІэ къыхэзыхыфа ди нэхъыжьыфІхэм ину пщІэ яхузощІ.

КъеІэпхъуха ди адэшхуэхэм я деж къыщыщІэддзэмэ, лІакъуэкІэ сраещанэщ. ПщІэшхуэ яхуэфащэщ нобэ мы жылэм щыпсэухэми щылажьэхэми. Гъубжокъуэ Лиуан итхауэ усэ хъарзынэ щыІэщ, уэрэд хъужауэ, «бланэр щалъху мэкІуэж» псалъэхэр хэту. А уэрэдыр си гъуазэу, сигури къызэфІэнэу сыкъехыжащ. Мыкіуэдыжын, нэхъри бэгъуэн жылэ дищІ! - жиІащ Балъкъызым.

Мы тхыгъэм и кІэ къихуэу мыри къыхэзгъэщынут. Джэрмэншык къуажэр илъэсищэ зэрырикъум теухуа тхьэлъэІур икъусыкъужкІэ дахэу, нэжэгужэу ирагъэкІуэкІащ. КхъуейплъыжькІэрыщІэри хэтыжу, къызэрагъэпэща теплъэгъуэ удзэзыхьэхэм къадэкІуэу, шхыныгъуэ зэмылэужьыгъуэхэмкІи я Іэнэхэр беящ.

Япэ лІэщІыгъуэм илъэсищэ куэд къыпыувэну дынывохъуэхъу!

Тхыгъэри сурэтхэри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*



Дирижёр цІэрыІуэм и фэеплъу





СССР-м, РСФСР-м, КъБР-м я цІыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтымрэ Глинкэ и цІэр зезыхьэ саугъэтымрэ я лауреат, дирижёр цІэрыІуэ, Санкт-Петербург щІыхь зиІэ и цІыху, а къалэм и къэрал филармонием и Академическэ симфоние оркестрым и художественнэ унафэщІу щыта Темыркъан Юрэ и фэеплъ пшыхь иджыблагъэ щекІуэкІащ Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэ абы и цІэр зезыхьэм. Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, дирижёр щэджащэр дунейм щехыжа махуэм ирихьэлІэу.

КЪЭРАЛ концерт гъэлъэгъуапІэм и пэІущІэ пэшым щагъэуват Темыркъаным и гъащІэмрэ гуащІэмрэ теухуа «Парящий над оркестром» гъэлъэгъуэныгъэр. Абы хагъэхьат музыкантым теухуа тхылъхэмрэ траха сурэтхэмрэ.

- Дирижёр цІэрыІуэ Темыркъан Юрэ дунейпсо макъамэ гъуазджэр хъумэнымрэ абы и зыужьныгъэмрэ хуищІа хэлъхьэныгъэхэр къыпхуэмыІуэтэнщ. Юрэ хуэдэу ди щІыналъэм и цІэр дуней псом фІыкІэ щызыгъэІуа цІыхухэр зырызыххэщ, - жиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. - Абы фІыуэ къехъулІэрт дуней псом щыцІэрыІуэ композиторхэм я макъамэ купщІафІэхэм псэщІэ яхилъхьам хуэдэу игъэІуныр. Юрэ хьэл-щэн дахэ дэплъагъурт, удэзыхьэх гушыІи хэлът. Лъэныкъуэ куэдкІэ ар щапхъэу щытащ. Ар къызэрытхэмытыжрэ дунейпсо щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хэщІыныгъэ ин ягъуэтауэ къыдолъытэ. Маэстрэм и щІэинхэм захуэдгъэзэху, абы и цІэр тщыгъупщэнукъым, и макъамэр ди гум щыІунущ.

Концертым зыкъыщагъэлъэгъуащ Урысейм пщІэ щызиІэ гупым - Темыркъан Юрэ илъэс 35-кІэ и унафэм щІэта, Санкт-Петербург къалэм Шостакович Дмитрий и цІэр зезыхьэ и филармонием и Академическэ симфоническэ оркестрым дэлажьэ Тертычная Олесярэ (флейтэ) Санкт-Петербург и Къэрал консерваторэ Римский-Корсаков и цІэр зезыхьэм и профессор Фроловэ Натальерэ (фортепианэ).

Пшыхьым цІыхушхуэ зэхуишэсат. Ахэр ирагъэплъащ Темыркъан Юрэ теухуа документальнэ фильмым.

Зэіущіэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Къэрал филармонием и оркестрым и художественнэ унафэщІ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист Темыркъан Пётр, КъБР-м ЦІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис, нэгъуэщІхэри.

Зэхыхьэм хэтащ республикэм и унафэщІхэр, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и хэгъэгухэм щыщхэу щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я цІыху цІэрыІуэхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, классикэ макъамэр фІыуэ зылъагъухэр, дирижёр цІэрыІуэм и фэеплъ Іуэхум зрезыгъэхьэлІэну гупыж зыщІахэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

Инженер унэтІыныгъэм хуэгъэпсауэ

Бахъсэн районым хыхьэ Псыхъурей къуажэм и курыт еджапІэм иджыблагъэ къыщызэІуахащ инженер унэтІыныгъэм хуэгъэпса мэкъумэш-технологие классыщІэ. А Іуэхугъуэр ягъэзэщІащ «Ерыскъыпхъэмкіэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэгъэпса технологиехэр» лъэпкъ проектым хыхьэ «АПК-м Іэщ1агъэлІхэр хуэгъэхьэзырын» щІыналъэ пэхуэщІэм ипкъ иткІэ.

Школакіуэ цІыкІухэм я егъэджэныгъэ программэр нэхъыбэу зытегъэщІауэ щытынур физикэмрэ математикэмкІэ дерсхэр нэхъ куууэ джынымрэ бжыгъэ лъабжьэ зиІэ иджырей мэкъумэш-технологием и щэхухэм ахэр щыгъэгъуэзэнымрэщ. Абы щхьэкІэ а Іуэхугъуэхэм хуэщІа унэлъащІэ щхьэхуэхэр, лабораторэ оборудованэхэр, къызэрапщ-къызэрабж Іэмэпсымэ зэхуэмыдэхэр, техникэхэр, интерактивнэ доскахэр къащэхуащ.

Еджакіуэхэм Іэмал яІэщ мэкъумэш техникэм и лэжьэкІэр, губгъуэхэм я щытыкІэмрэ гъавэр зыхуэдэмрэ квадрокоптерхэмкІэ къызэрахутэр зрагъэщІэну, къэпщытэныгъэ-къэхутэныгъэ практикэ лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІыну, нэгъуэщІхэри.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, мэкъумэш-технологие классхэм я къалэн нэхъыщхьэр щІэблэр мэкъумэш Іэщіагъэхэм дегъэхьэхынырщ, школым къыщыщІадзэу нэхъри хагъэгъуазэурэ мэкъумэш Іэнатіэм Іэщіагъэлі-хэр университетхэм щыхуагъэхьэзырынщ, а лэжьыгъэм хэтхэм я пщІэр къэІэтыжынырщ икІи шэч хэлъкъым апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм фІы куэд къуажэхэм къазэрыхуихьынум.

СЫЖАЖЭ Аскэр.








ЦIЫКIУРАШ
Зыгъэхьэзырар ГУГЪУЭТ Заремэщ

Кхъуей



КХЪУЕЙМ и щIыкIэкIэ нэхъыщхьэу тхууэ зэщхьэщагъэкI: цIынэ, ику иту цIынэ, быдэ, гъэгъуа, гъэткIуа.

Франджы кхъуейгъавэ Симон Андре «Кхъуейм теухуауэ» итха трактатым къыщыхьащ кхъуей лIэужьыгъуэу 839-м я гъэхьэзырыкIэр. Тхылъым ар елэжьащ илъэс 17-кIэ.

Кхъуейм мылъку нэхъыбэ дыдэ къыщIэзых къэралу ябж Франджыр. Швейцарием япэ кхъуейгъавэ заводыр 1815 гъэм къыщызэIуахащ.

Ди зэманым щыIэщ кхъуей лIэужьыгъуэ 2500-м щIигъу. Тхьэмахуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, дунейм къыщагупсыс лIэужьыгъуэщIэхэри.

Висконсин штатым (США) унафэ щыIэщ шхапIэхэм къыщыхэпх шхыныгъуэу хъуам кхъуей щIыгъуу къебгъэхьыну ухуиту.

Пасэм кхъуейр тыгъэ лъапIэу къалъытэрт. Инджылызым и пащтыхь гуащэ Викторие и хьэгъуэлIыгъуэм ирихьэлIэу тыгъэ хуащIат «Чеддер» кхъуей хьэл абрагъуэ, килограмм 450-рэ и хьэлъагъыу.

Илъэсищэм нэблагъэкIэ щIэныгъэлIхэр тепсэлъыхьащ икIи иризэдэуащ кхъуейм кумб цIыкIухэр иIэ щIэхъум. 1917 гъэм американ Кларк Уильям къихутащ ар шэм хэлъ бактериехэм я Iэужьу. Бактериехэм углекислэ газ къахокIри, кхъуейм кумб цIыкIухэр иIэ мэхъу.

Языныкъуэ кхъуей лIэужьыгъуэхэр календулэм къыщIэгъэвыкIа е пхъым къыщIахуа псыкIэ ираIэ.

ЦIыхум кхъуейм хэлъ белокыр нэхъ тыншу егъэткIу, шэм хэлъым нэхърэ.

Кхъуей хахыу щытауэ жаIэ ди ярэм ипэкIэ илъэс 7000-кIэ уIэбэжми. ЩIэныгъэлIхэм я нэхъыбэм къалъытэ япэу кхъуей щащIар КъуэкIыпIэ Гъунэгъурауэ.

ЩыIэщ кхъуейм кIэрылъ этикеткэхэр яфIэгъэщIэгъуэну зэхуэзыхьэс цIыхухэр. Абыхэм «тиросемиофилист»-кIэ йоджэ.

Кхъуей егъэлеяуэ фIэфIу щытащ Карл Щихъым (Великий). ЛIэужьыгъуэхэм ящыщу нэхъ къыIурыIэфIэрт «Бри» жыхуаIэр.

Гъэшым и фэр зыкъомкIэ елъытащ жэмым ишхым. В-каротин нэхъыбэу шэм хэлъыху, и фэм гъуэжьыфэ нэхъ къыщIохьэ.

Дуней псом нэхъыбэ дыдэу щашхыу къалъытэ «Моцарелла» кхъуей лIэужьыгъуэр. Ар куэду пиццэми тралъхьэ.

Тхыдэджхэм зэрыжаIэмкIэ, «Текучие часы» сурэт цIэрыIуэр Дали Сальвадор ищIат «Камамбер» кхъуейр къыIурыIэфIати.

Кхъуейр банк Iуэхуми къыщыщагъэсэбэп щыIэщ. XX лIэщIыгъуэм и кум Италием и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ банкхэм кхъуейгъавэхэм ахъшэ щIыхуэ ирату къаублащ, «Пармезан» кхъуейр шэсыпIэу къагъанэурэ.

XX лIэщIыгъуэм ипэкIэ кхъуейр зэрыхах лъатэпсыр къыхащIыкIырт махуипщI фIэкIа мыхъу шкIащIэ цIыкIум и лъатэм. Ауэ адыгэхэм кхъуейр былымышхуэм и лъатэкIэ хахырт. Ар ягъэгъурт, шэжыпсым хагъэшыпсыхьырти, щыта нэужь, абы щыщ шэм хакIэурэ, зэрадзырт. Иджыри адыгэ къуажэхэм ущрихьэлIэнкIэ хъунущ а IэмалымкIэ кхъуей хэзых.

Бжэнышэм къыхащIыкI «Вурда» кхъуей лIэужьыгъуэр щIыIалъэм гъэщтауэ зэман кIыхькIэ щыпхъумэ мэхъу, абы щыгъуэми и къэуатри мыкIуэду.

Щхъуэ плъыфэ зиIэ кхъуей ящIын папщIэ кхъуейгъавэхэм къагъэсэбэп «пеницилл» жыхуаIэ Iэгъэбэгу гъуэтар, цIыхум зэран хуэмыхъур. Ардыдэм Флеминг Александр япэу «пенициллин» антибиотикыр къыхищIыкIауэ щытащ.

Зэгуэрым кхъуейр къыщысэбэпащ зэхэуэ гуащIэм. 1814 гъэм Уругвайм и дзэ кхъухьхэр Аргентинэм ейм пэщIэуват. Уругвайм и шэхэр иуха нэужь, псэзэпылъхьэпIэм иту къащIэжащ кхъухьым кхъуей хьэл гъэгъуахэр куэду зэрилъыр. Ахэр лагъымгъауэм иралъхьэурэ щадзым, Аргентинэм и дзэ кхъухьхэр икIуэтыжауэ щытащ, топышэ лIэужьыгъуэщIэ къытрагъэлъалъэ къафIэщIри.

Урысейм кхъуей хэхыным зыщратар епхащ Верещагин Николай и цIэм. Арат Тверской губернием 1866 гъэм япэ кхъуей заводыр къыщызэIузыхар.

Нэхъапэхэм Урысейм кхъуей щыхахкIэ шэр ягъэхуабэртэкъым. Аращ абы и фIэщыгъэри къыздикIар - «сыр»-м «цIынэ» мыхьэнэр иIэу.

Дунейм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм кхъуейм фэеплъ щыхуагъэуващ. Абыхэм ящыщщ ди къэралри. Крыловым и шыпсэхэм къыхэщыж бажэмрэ къуаргъымрэ кхъуей тыкъыр яIыгъыу дащIыхьащ Москва.

Адыгэ Iэнэм кхъуейм мыхьэнэшхуэ щиIэщ. Ар лъэпкъ щэнхабзэми къепхащ. Дуней псом цIэрыIуэ щыхъуащ адыгей кхъуейр. Абы матэ кхъуейкIи йоджэ. Ар зэрагъэхьэзырыр зыми ещхькъым, езым и щэху иIэжщ. Адыгейм илъэс къэс щокIуэкI кхъуейм иращIэкI зэхыхьэ. Абы къекIуалIэхэм ирагъэлъагъу кхъуей зэмылIэужьыгъуэхэм я щIыкIэр. Ауэ зэхуэсахэр псом нэхърэ нэхъ зыщыгуфIыкIыр кхъуей зэмылIэужьыгъуэ куэдым я IэфIагъ зэрагъэунэхурщ.

Тхыгъэри сурэтри
ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ
ейщ.

КъэкIыгъэ хущхъуэхэр



ХьэтIохъущыкъуейдэс Джэдгъэф Хъусен къэкIыгъэхэм ятеухуауэ итха усэ Iэрамэшхуэ 2008 гъэм тетащ «Адыгэ псалъэ» газетым. КъэкIыгъэхэм я хущхъуэгъуэм ущызыгъэгъуазэ а усэхэр зэхуихьэсщ, сурэтхэмкIэ ар игъэщIэращIэри, сабийхэм папщIэ тхылъ цIыкIуу къыдигъэкIащ Тхьэкъуахъуэ Iэуес. Тхылъым ит усэхэр щIэщыгъуэщ, сабийхэм яфIэгъэщIэгъуэн хъун хуэдэу гъэпсащ. Мы тхылъыр щхьэпэщ еджакIуэ цIыкIухэм дунейр егъэцIыхунымкIи удзхэм ятеухуауэ щIэщыгъуэ къегъэщIэнымкIи: сыт хуэдэ удзыр дэтхэнэ щIыпIэм къыщыкIми, сыт я плъыфэми, хущхъуэгъуэу къызэрагъэсэбэп щIыкIэми щытопсэлъыхь усэхэм. ФIарийр, санэр, къазмакъыр, мамкъутыр, хьэмкIутIыр, хьэиуэр, щIымэракIуэр узыншагъэмкIэ сэбэпышхуэкъэ атIэ?! Мис абыхэми нэгъуэщI къэкIыгъэхэми ятеухуа гупсысэ куэд усэбзэкIэ зэригъэкIуащ Джэдгъэфым. «КъэкIыгъэ хущхъуэхэр» тхылъым ит усит I дыкъевгъаджэ.

Зэрыджэ



СокIуэ куэдрэ зэрыджэхьэ,
Къызэрысу ди деж
бжьыхьэр.
Ар къэзгъуэтмэ, сошх
сыпIащIэу,
Щрет хуейми тIэкIу
хуэгуащIэу.
Нани хуэсхьрэ Iэрызгъэхьэм,
Зэрыджэпсым фо
схухелъхьэ.
Сыпсчэ хъумэ, сигъэшхыну
Ар щIымахуэм схузэрехьэ.

Хьэцыбанэ



Фэри фоцIыху хьэцыбанэр,
Тетхэщ абы тезу банэр.
Ауэ абы хуэдэу гъагъэ
Мы дунейм темыт,
Абы и мэм и дахагъэм
Емыпэмри хэт?!
Щыхъур фэри зэвгъэщIэнум,
Мэхъур къызэресу уэс,
Къуэш нэхъыжьым
сригъусэу
Ар къызохьыр сэ гъэ къэс.
Ар ди нанэ шейм ныхелъхьэ,
Хэлъу жаIэ витамин,
Уи дзэхэр дзэхъудзэм ишхым,
ЛъокI абы къригъэлын.
КъыпхуэкIуауэ щытми грипп,
ПхуищIыфынущ абы думп.

Зыгъэхьэзырар **ГЪУЭТ Синэщ.**
Сурэтхэр
НафIэдз Данэ *трихащ.*

ПцIащхъуэм и хьэлыр

ПЦIАЩХЪУЭ кIэ дыкъуакъуэхэр уэгум куэдрэ иболъагъуэ. Абыхэм абгъуэ щаухуэкIэ я IэпщIэлъапщIагъри умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Я уэрэд къишыкIэми нэжэгужэ уещI. ПцIащхъуэхэм дэ ядэтлъагъум нэмыщI, телъыджэ куэд хэлъщ я теплъэми, я хьэлми, я ухуэкIэми:

- ПцIащхъуэм и пкъыр псынщIэу къэлъэтыхьыным хуэгъэпсащ: и дамэхэр псыгъуэщ, и кIэр дыкъуакъуэщ. И пкъым и инагъыу щытыфынущ сантиметри 6-м щегъэжьауэ 23-м нэс. И хьэлъагъыр грамми 10-м щегъэжьауэ 60-м ноблагъэ.

- Нэхъыбэм пцIащхъуэхэр уэгум итщ, къыщетIысэхыр мащIэ дыдэрэщ. Уэгум иту машхэ, уеблэмэ я шырхэри къалъэтыхьурэ ягъашхэ.

- Илъэси 4 - 8-кIэ мэпсэухэ.

- Здэлъатэм, хуабжьагъыу къащтэфынущ сыхьэтым километри 120-рэ.

- Языныкъуэ пцIащхъуэхэм я абгъуэхэр бжьыхьэкIапэм и лъабжьэм кIэщIащIыхь, языныкъуэхэм бгы нэпкъхэм щаухуэ, жыгым щызыщIхэри яхэтщ. Зы пцIащхъуэ унагъуэм абгъуэ яухуэным токIуадэ махуи 8-м нэс. Абгъуэхэр быдэу зэращIым и фIыгъэкIэ, илъэс бжыгъэкIэ щопсэухэр абы. Я IупсымкIэ IэкIуэлъакIуэу ятIэ зэкIэрашхэурэ яухуэ, и кIуэцIым цы, мэкъущIэщ, джэдыц, удз щабэ ираубгъуэж.

- ПцIащхъуэм и нэхэр жанщ. Къыздилъэтыхьым хьэпщхупщ цIыкIухэр къелъагъуф икIи тыншу къеубыд.

- ХуабапIэ зыфIэфI пцIащхъуэхэм илъэсым тIэу я хэщIапIэр яхъуэж.

- ПцIащхъуэ шырхэм лъэтэфу зрагъасэ кърашу махуэ 22 - 32-рэ дэкIа нэужь.

- ПцIащхъуэхэр Эстонием дамыгъэу къыщагъэсэбэп. 2008 гъэм абы къыщыдагъэкIа ахъшэ жьгъейм пцIащхъуэ сурэт хэщIыхьащ.

- Къэрал зыбжанэм пцIащхъуэхэр нэщэнэфIу къыщалъытэ: Африкэм ар къабзагъэм и нэщэнэщ, Китайм - унагъуэ насыпым.

НАФIЭДЗ Ислъам.

Псалъэзэблэдз

Къехыу: **1**. Iуащхьэ щIыб бгъитI щызэрошх. **2**. ТхьэкIумабгъуэ и къуэ нэ хъурей. **3**. Шындэбзий гъэгъуагъуэ, данагъуэ пщэдыкъ. **4**. КIэрахъуэ, хъурей, гуэдз хьэдзэр зыхьэж. **7**. Жэщи махуи кIуэуэ бжьиз зымыкIу.

ЕкIуэкIыу: **2**. Жэщ уэздыгъэ, губгъуэгъэдахэ. **5**. Къадзнадзу унэм исыр зыгъашхэ. **6**. Жэщи махуи кIэрахъуэ, а зы гъуэгуми темыкI. **7**. ЗэкIуэцIыплъхьэмэ, Iэгуиз, зэкIуэцIыпхмэ, щIыфэ щыз. **8**. Зи щхьэр матэ, зи кIэр топ. **9**. Дунейр зыгъэнэху, псэр зыгъэхуабэ.



Жэуапхэр:

Къехыу: **1**. Лэныстэ; **2**. МыIэрысэ; **3**. Адакъэ; **4**. Щхьэл; **7**. Гущэ.
ЕкIуэкIыу: **2**. Мазэ; **5**. Кхъузанэ; **6**. Сыхьэт; **7**. Гуэлмэдын; **8**. Аслъэн; **9**. Дыгъэ.

Зэхэзылъхьар **БИЦУ Жаннэщ.**

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр



Iэсият и IэрыкI гъуэзэджэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лъэпкъ музейм къыщызэIуахащ СэвкIуий Iэсият и IэдакъэщIэкI лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, музейм, Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм къызэрагъэпэща зэIущIэм цIыху куэд къекIуэлIат.



IУЭХУЩIАПIЭМ и пэшышхуэм щыфIэдзащ щэкIкIэ щIа сурэт телъыджэхэр - ахэр псори зэхуэдизщ, плъыфэкIи къыщыгъэлъэгъуакIи зэпIэзэрытщ, дэтхэнэми узыIэпишэрэ дакъикъэ бжыгъэкIэ узэтриIыгъэу гъэщIэгъуэнщ...

СэвкIуий Iэсият и IэдакъэщIэкIхэм зы дуней псо къыпхузэIуахми ярейщ, художественнэ псалъэм нэхъ хуэбгъакIуэ хъуну бзэкIэ абы и IэдакъэщIэкIхэр «къыдопсалъэ». Бзыхьэхуэ зэгуэдзэным и Iэмалыр декоративнэ IэпщIэлъапщIагъэм и гъунапкъэхэм къокIри, абы и лэжьыгъэхэм ягъуэт художественнэ теплъэ нэгъэса. ЗэхэлъыкIэкIэ, плъыфэ, ныбжь зэмылIэужьыгъуэхэр зэридзылIэурэ, мифологием, цIыхубэ хъыбарыжьхэм, цIыхум и акъылым яхуэгъэза образхэр къегъэщI. Псалъэм и хьэтыркIэ, бзылъхугъэ къафэр, жыг хужьым и пщIыхьыр, шылъэгум и плIэм дэлъ хьэлъэр, уэшхым хиубыдахэр, къэхъункIэ Iэмал зимыIэхэр, дыгъэр зэрыкъуилъафэр, зи мычэзу пщIыхьыр, нэгъуэщIхэри Iэсият и нэгу къызэрыщIыхьэри къызэригъэлъагъуэри щIэщыгъуэщ.

И IэщIагъэкIэ Iэсият экономистт. ЩэкIым къыхэщIыкIа сурэтхэр зэрыфIэгъэщIэгъуэным къыщежьащ абы гъуазджэм хича лъэбакъуэр. Хуемыджами, езым и хъэтI зэригъэпэщыжын хузэфIэкIащ, и зэхэщIыкIымрэ щэкIым и Iэмал гъуэзэджэмрэ зэгуидзэри. Iэсият и сурэтхэм екIуу щызэщIожьыуэ плъыфэмрэ теплъэмрэ.

ЩэкI бзыхьэхуэхэр зэдзылIэн (печворк), щэкIхэр зэтедэн (квалтинг) Iэмалхэр къигъэсэбэпурэщ Iэсият и сурэтхэр зэрищIар. Абы нэхъ къигъэсэбэпыр цы, бжьэхуц, чэтэн, шылэ щэкIхэрщ. Абы щыгъуэми мыхьэнэ зиIэр абыхэм я плъыфэм и закъуэкъым, атIэ щэкIыр зыхуэдэми, Iуданэр зэрызэIущами, зыхигъэувэ щIыпIэми елъытащ сурэтыр зэрыхъунур. Iэзэу ахэр къызэригъэсэбэпыр къагъэлъагъуэ сурэтхэр зытриухуэ псэущхьэхэм, цIыхухэм, дамыгъэ гъэщIэгъуэнхэм. ТцIыхухэм нэгъуэщI лъагъукIэ къахуегъуэт сурэтыщIым, мыдрейуэ, димынэIуасэхэр дэтхэнэ цIыхуми къызэрыгурыIуэнум хуитыжщ. ЖыпIэнурамэ, дэтхэнэ зы сурэтри зы дуней псо ирокъу, ар хуэм-хуэмурэ къызэIуха мэхъу дамыгъэхэмкIэ, плъыфэхэмкIэ, гупсысэ зэпыщIапIэхэмкIэ.

Псори зэIэпишауэ йоплъ СэвкIуийм и IэдакъэщIэкIхэм, гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIухын хуей зэманыр къэсауи ямыщIэжу. ИтIанэ къэпсэлъапIэм и деж зы гупышхуэ щоувыкIри, музейм и унафэщI Накуэ Феликс япэ псалъэр ирет КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.

- СэвкIуий Iэсият и гъэлъэгъуэныгъэ си щыпэлъагъукъым, ауэ нобэ иджыри зэ хьэкъ сщыхъуащ мы лэжьыгъэхэр гъуазджэм и лъагапIэу зэрыщытыр. ЦIыхуIэм ищIауэ, цIыхущхьэм къигупсысауэ уи фIэщ пхуэмыщI гуэрщ тлъагъур. СщIэркъым сыт хуэдэ зэфIэкI уиIэн хуейми щэкIым сурэт къыхэбдыкIын-къыхэпщIыкIын щхьэкIэ. Iэсият сэ соцIыху зэрысабий лъандэрэ, зы класскIэ си япэ итауэ аращ. ИкIи схужыIэнущ апхуэдэ хъыджэбз зэпIэзэрыт, гъэса, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, щIэныгъэ зиIэ зэи зэрызмылъэгъуар. Нобэр къыздэсым си нэгу зэрыщIэтыр адэкIэ щэху цIыкIуу къыщытущ, лейуэ зы псалъи къыжьэдэмыкIыущ. И гумрэ и псэмрэ щигъафIэу къыщIэкIынт зы бэлыхь, иужькIэ мис мы лэжьыгъэхэм яхипхъэжыну. Абы и дэлъху Хьэмид сепсалъэу жесIат Iэсият и IэдакъэщIэкIхэр хъумэн, щIэблэм егъэлъагъун зэрыхуейр, сызэхихауэ къысщохъу, нобэ лэжьыгъэхэр ди пащхьэ щиткIэ. Псоми сынывохъуэхъу гъэлъэгъуэныгъэмкIэ икIи ди республикэм и цIыхухэр къыхузоджэ музейм и пэшым къыщIыхьэу ар зрагъэлъагъуну, - жиIащ министрым.

- Си дежкIэ щIэщ слъагъур, сыту жыпIэмэ, Iэсият и гуащIэм сыщыгъуазэтэкъым. СощIэ сурэт щIыным зэрыхуемыджар, атIэми, бзыхьэхуэхэмкIэ ида сурэтхэмкIэ къыдигъэлъэгъун хузэфIэкIащ и псэкупсэ къулеигъэр, и гъащIэмрэ лъэпкъым и щыIэкIэмрэ щыщ куэд. Пэжыр жысIэнщи, зыми емыщхь, телъыджэу щэкI кIапэхэмкIэ зэгуэгъэза сурэтхэм сатхьэкъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзи, я псэукIи, я хабзи хэухуэнащ, шэч хэмылъу, мы IэдакъэщIэкIхэм. Си гуапэщ мыпхуэдэ хъугъуэфIыгъуэ цIыхубэм къахуэзыгъэна бзылъхугъэ IэпщIэлъапщIэм и гъэлъэгъуэныгъэм сыкъызэрырихьэлIар, - къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм и зыужьыныгъэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и тхьэмадэ Текуев Iэмырбий.

Композитор цIэрыIуэ, ди нэхъыжьыфI ХьэIупэ ДжэбрэIил псалъэ щратым къыхигъэщащ цIыху зэчиифIэ куэд зэрыщыIэр, ауэ зы анэм апхуэдэ бынитI къыщыщIэхъуэкIэ ар зэрыгъуэзэджэр. Псоми фIыуэ тцIыху СэвкIуий Хьэмид и шыпхъущ Iэсият.

Ди республикэм и цIыхубэ сурэтыщI Бгъэжьнокъуэ Заурбэч ицIыхурт Iэсият икIи дихьэхырт и гуащIэм. Аращ ар жиIэнухэм хэщыпыхьурэ псалъэм я нэхъ гуапэр къыщIилъыхъуэр.

- Сигу къокIыж мы пэш дыдэм Iэсият щищIауэ щыта япэ гъэлъэгъуэныгъэр. Си нэгу щIэтщ а бзылъхугъэ IэмащIэлъэмащIэр, нэфIэгуфIэр, зэчиифIэр. И IэдакъэкъыщIэкIам, ахэр цIыхухэм я пащхьэ къызэрырихьам иригуфIащэрти, и нэхэм насып щIэплъагъуэрт. Абы щыгъуэ жесIат: «Iэсият, апхуэдизкIэ хэIэтыкIауэ, фIыуэ къызэбгъэпэщащ уи гъэлъэгъуэныгъэри, хэбгъахъуэ фIэкIа хэбгъэщIынкIэ Iэмал иIэкъым». Зэрыхигъэхъуэн, зэрыригъэфIэкIуэн зэфIэкI иIэт абы, ауэ къыхуиухар нэгъуэщIти, пасэу тхэкIыжащ, хъугъуэфIыгъуэшхуэу и лэжьыгъэхэр къытхуигъанэри. ЗымащIэкIи щIэзмыгъатхъэу жысIэнщи, дунейпсо гъуазджэм и щэху куэд къыщызэщIикъуащ Iэсият и IэдакъэщIэкIхэм. Сыт и уасэ абы и итхъахэр, дамыгъэхэр, абыхэм я зэпыщIэкIэр, а псоми къищIыкI сурэтыр?! Зым Мысырыр, адрейм макъамэ, ещанэм уэрэд иболъагъуэ. Сэ сщIэркъым ар хэт Iэсият къыхилъхьами, ауэ дунейпсо гъуазджэм и Iэмалхэм, и къэхъугъэхэм фIы дыдэу хищIыкIырт икIи Iэзэу къигъэсэбэпырт. Абы къимыгъэщIам къыхупищэну сыхуейщ мыбы кърихьэлIа, Iэсият и къуэ Артур. И анэм ещхьу цIыху дахэщ, зэчиифIэщи, Тхьэм иригъэфIакIуэ, - жиIащ Заурбэч.

КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Црым Русланрэ Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэрэ къэдзыхэри, хуиту къэпсэлъэфакъым, Iэсият фIыуэ яцIыхуу, и зэфIэкIым кIэлъыплъу зэрыщытам, пасэу дунейм зэрехыжар я гум къызэреуэм къыхэкIыу. СэвкIуий лъэпкъым къыбгъэдэкIыу къэпсэлъа Аслъэн гуапэу, гуми псэми къабгъэдэкIыу и гугъу ищIащ шыпхъум и зэфIэкIым. «Илъэс хыщI хъунут псэужамэ Iэсият, дунейм зэрехыжрэ илъэситху мэхъу. ЖаIэ гуауэр къыбдэзыгуэшыну къэкIуам ар нэхъ мащIэ ищIу, гуфIэгъуэр къыбдэзыIэтыну хуейм ар игъэбагъуэу. Сыхуейщ нобэ псоми гу зылъыфтэ гуапагъэр нэхъыбэ хъуну, Ася и псэр дызэригъусэр зыхэтщIэу дригуфIэну. Гуапагъэу, хуабагъэу ди шыпхъум хэлъар пхужымыIэн хуэдизщ, дрогуфIэ ар пIалъэкIэ дызэригъусам, дронасыпыфIэ апхуэдэ шыпхъу дызэриIам, и IэдакъэщIэкIхэр и фэеплъу къызэрытхуэнам», - жиIащ абы.

Аслъэн и псалъэм къыпищэу къызэхуэса псоми фIыщIэ ин яхуищIащ Iэсият и дэлъху СэвкIуий Хьэмид.

Гъэлъэгъуэныгъэм еплъыну хуейхэм апхуэдэ Iэмал фиIэщ щэкIуэгъуэм и 29 хъуху.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

УнафэщI-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.101
Заказыр №2455
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.